

*МВДЯЛЪ ЛЪАЗАБУЛЕБ БУГО*

**Босулеб буго ярагъ, гьитІинабги кІудиябги...**

**Стр. 2**

*СПОРТ*

**Дзюдоялъул бергьенлъаби**




**Стр. 4**


# ЛЪАРАТІА



ЛъаратІа районалъул газета

**№ 12 * сентябрь 2014 с. Газета биччала моцІида жаниб кІиго нухалъ. Багьа 10 гъ.**


БАЙРАМ

# ЦІАМАГІУРИ – МУГІРУЛ ФЕСТИВАЛЬ



**Нилъеда лъавухъе Дагъистаналъул президент, нилъер ракьцояв Рамазан ГІабдулатІиповас цІикІкІун кІвар кьола кидаго культураялъе. ГІемерисел данделъабазда гьес кидаго бицуна культура бугин чара гьечІого инсанасда лъазеги кколеб инсан лъугьинавулебги жоян.**





Исанасеб сон Россиялъул президентас культураялъул сонлъун лъазабиялъги тІамула нилъ кІварабгІан цІикІун гьелде кІвар буссинабизе. Аслияб лъугьа-бахъин нилъер районалъе гьеб хІужаялда хурхун ккола, исанасеб ва кІиабилеб гъоркьисеб соналдаса нахъе культурияб данделъи «ЦІамагІури».

КІиго къоялъ халатбахъараб гьеб кІудияб данделъи тІобитІизе президентасда цадахъ мугІрул ахалъуде рахъана батІи-батІиял республикаялъул хІакимзаби ва Дагъистан тун къватІиса рачІарал гьалбал.

Гьенир гІахьаллъана: Дагъистаналъул хІукуматалъул председатель ГІабдусамад ХІамидов, Халкъияб собраниялъул председателасул тІоцевесев заместитель Юрий Левицкий, президентасул администрациялъул нухмалъулев Рамазан ГІалиев, гьесулги заместитель ИсмагІил Эфендиев, республикаялъул парламенталъул депутатал, районазул ва шагьаразул бутІрул. Гьел гурел рачІана гьалбал Азербайджаналдаса, Чачаналдаса, Ингушетиялдаса, Ставропольский краялдаса ва.гь.ц. Исана праздникалда гІахьаллъаразул къадар гІемераб цІикІана гъоркьиселда данде ккун.

БагІарараб бакъул роол къо буго-ниги гьелъ квал-квал кьечІо республикаялъул хІакимзабазе миллияб ретІа-къаялда хьвадизе. Районалъул жиб-жиб мухъалъул рукІана жидерго участокал, берцинго столалги рекъезарурал, тІаде щварал гьалбалги къабул гьарулел.

РукІана гьединго рихьизе цере лъурал миллиял алатал ва тІагІелал. Президентас кІудияб къимат кьуна гьезие. ТІоритІана батІи-батІиял къецал кІанцІиялъул, ядро рехиялъул ва гьединго тІобитІана рагъулал ветерал ракІалде щвезариялъул волейболалъул къецалги.

Данделъи рагьулаго ГІабдулатІиповас абуна, нилъ киналго жакъа гьаб борхатаб магІарде рахун ругин нилъер халкъалъул ва миллаталъул культура кІодо гьабун абун. ЦІакъго кІодо гьавун ва баркала кьун веццана чанго нухалъ Россиялъул президент В.В.Путин. Россияги ва кинабго Дагъистан цІигьабиялъе ва культураялъе къучІ лъурав гьесие гІоло бугила Дагъистан бацІцІалъун террористаздасаги, экстремистаздасаги, цІогьаздасаги, хъачагъаздасаги, хІелхІелчагІаздасаги. «Жакъа нилъер улкаялда тІаде щун руго захІматал къоял, къватІисал улкабаз данде рагъ лъазабурал, амма нилъ цолъизе ккола ва кидаго цадахъ рукІине ккола нилъерго президент Путинида». Нахъехун Рамазан ХІажимурадовичас жиндирго кІалъаялда жаниб кІудияб къимат ва баркала кьуна чачаналъул халкъалъе ва гьезул бетІер Рамзан Къадировасе. «Исана нилъеца баркулеб буго террористаздасагун экстремистаздаса Россияги Дагъистанги хвасар гьаби. Дагъисталъул тарихалда жаниб хасаб бакІ ккола исанасеб соналъ, щайгурелъул тІалъиялде данде лъазабун букІана рагъ. Гьел такъсирчагІаз бищунго гІемер кІвекІана Чачаналъул гІадамал. Нилъеца, Дагъистанияз лъазабулеб буго, нилъерго вацал чачаналгун цадахъ кидаго хІадурун руго тІадегІанаб улкаялъе ва президент Путиние кумекалъе. Жакъасеб къоялъ Чечня ккола Россиялъул цере тІурал регионазул цояблъун, нижеца битІулеб буго нужее кІудияб мугІрузул салам» - ян ахІана ГІабдулатІиповас ва кьабулеб хъаталъул бахъана кІудияб хъуй. Республикаялъул нухмалъулес бичІчІизабуна Дагъистан цІилъулеб бугин ва кинабго хІабургъараб заман мугІрузда нахъе щинкІулеб букІин.

*Ахир 2 аб. гьум.*

АНКЬРАКЬ

# КЪАНАЛАЛ

**ЛъаратIа районалъул некIсиял росабазде гъорлъе унел Колоб, Кьанада, Гьагьар, Цимгъуда, Огъохъ (ахирисеб лъабго росо гIодоблъиялде гочана) росабалъ гIумро-яшав гьабун ругел гIадамазда, къаналалин абула. Гьел росаби руго Богоссалъул мугIрузул тIелалъул гъулдузда, Авар гIурулъе чвахулеб Журмут гIурул рагIаллъабазда.**

Къаналазул буго, магIарул мацIалъул хасаб свери (диалект). Гьеб релълъараб буго, ЧIарада районалъул Кьесер мухъалъул росабазул мацIалда.

Анкьумумузул заманалдаса нахъего, ЦIоралде хьвадулел рукIиналъги ва гьезулгун дармилалги магIишатиялги гьоркьорлъаби щулалъиялъги, къаналазул мацIалъул гIемерисел рагIаби хIалтIизарулел руго ЦIоралъул магIарулазул мацIалдаги.

Гьединго ЛъаратIа районалъул бакъбаккул рахъалда гIорхъода бугеб Рутул районалъул КIусур росулъги буго, нижералда релълъараб мацI. Гьел хIужабаз нугIлъи гьабула, цо къадаралъ ЛъаратIа районалъул гIадамал ГуржиЦIоралдаса рачIарал рукIин. Къаналал руго Дагъистаналъул мугIрузда яшав гьабулел рукIарал, цIакъ цересел къавмазул гIадамал.

АнцIила ичIабилеб гIасруялдаги гьезул росабалъ цIунун хутIун рукIана минаби раялъул, ретIел-хьиталъул, магIишат гьабиялъул церегосел къагIидаби, цогидал росабазда данде ккун ругел хаслъабиги. Гьезул аслияб иш-пишалъун кколаан боцIухъанлъи, гIезарулаан чуял, чIегIербоцIи, гIи-цIани ва.гь.ц.

БоцIухъанлъи букIана гочинабулеб, хасго мадугьалихъ бугеб ЦIоралъул ракьалде. ГIураб куцалда цебетIун букIана устарлъиги: хIадур гьарулаан гIи-боцIул нигIматал, цIулал алатал, букъулаан ретIел.

ТIоцере гьабал районалда жанир, къаналазул росабалъ рукIана. БатIи-батIиял хъвайхъвагIаязда, биценазда, абиязда рехсон буго, къаналазул бихьинал ругила гьайбатал, рорхатал кIигъуждулъа гIебал. Кьондол росабалъ гIадамаз жигараб гIахьаллъи гьабуна Шамил Имамасул рахъалда Кавказалъул рагъулъги, хасго Закатала, Белокан мухъалда. Гьезул аслияб масъала букIана Гуржи-ЦIоралдасан гIурусазул Апшеронский полкалъул солдатал Дагъистаналъул ракьалде риччангутIи. Ай Шамил Имамасул мугъа-рахъ цIунун рукIана. Бодул цевехъанги вукIана Колоса ГIолав абурав чи. Дагъистаналъул бакъбаккул гIорхъи гьез ясбер гIадин цIунун букIана, мугIрузул нухалги, нохъохьитIалги, гьоркьчIел гьабизе бакIалги лъикIго лъалел рукIиналда бан. Жакъа къаналазул чIахIиял росаби гIун руго гIодоблъиялда, Бабаюрт ва Гъизляр районазда.

ГIодоблъиялда аразги рехунтун гьечIо жодорго росабазул, мугIрузул тIогьол байдаби, гьезулгун буго щулияб бухьен. Риидал гьенир хьихьула гIи-цIани, бахъула хIан, бичула гьан районалъул жамагIаталъе.

Къаналазул росабалъа ккола, Австралиялъул Сиднеялда букIараб Олимпиадаялъул гIарцул призер, профессионалияб боксалъул дунялалъул чемпион-СултIан Ибрагьимов, Пекиналда букIараб Пара-Олимпиадаялъул чемпион Мусаев ГIолохъан ( Азербайджаналъул байрахъалда гъорлъ цеве вахъарав), филологиял гIелмабазул доктор ГIисаев МухIамад, МахIачхъала шагьаралъул маххул нухал цIуниялъул начальник, подполковник СагIадула Сайпулаев, МахIачхъала шагьаралъул лъай кьеялъул управлениялъул начальник, педагогиял гIелмабазул кандидат ТIагьир Мансуров ва.гь.ц.

Баракатаб, талихIаб батайги районалъул жамагIатазул гIун бачIунеб наслуги. Журмут гIор билун гьечIо, кIудияб Каспий ралъдалъ.

**Сайпудин ШЕЙХОВ,**
**Колоб росу**

ПИКРУ

# ТIАДМАГIАРУЛАЗЕ ХIАЖАТ РУГО БИГЬАЛЪАБИ

**Дагъаб цебегIан «Черновик» газетаялда бахъараб цо макъалаялда бихьана дагъистаниязе токги, рохьоса къотIулеб цIулги чIобого тезе кколилан. Гьеб буго тIоцебесеб иргаялда тIадмагIарулазе, хасго ЛъаратIа ва аскIор мадугьалихъ ругел районазул гIадамазе бищунго хIажатаб суал.**

Жакъа магIарухъ халкъ чIезе ккани, гьезие токги цIулги чIобого букIине кколебльи хIакимзабазда бичIчIизабун бажарани, гьеб букIинаан цIакъ кIудияб хIалтIи.

ГьабсагIаталда магIарухъ гIемерисеб халкъалъе гьабизе хIалтIи гьечIо, хIалтIулезеги щолеб буго мукъсанабго харж. Гьединлъидал гIемерисел гIолохъаби унел руго рекъонкколел къотIикъаялги хъван Чачаналде, Москваялде, Питералде перхералде ва цогидаб бакIалде хIалтIизе.

Гьоркьоса къотIичIого гIадамал гочунел руго гIатIиракьалде. Щай бегьулареб Дагъистаналъул мугIрузул районалъул халкъал, доб Россиялъул крайний севералда ругел халкъазде данде рачине, бигьалъабазул рахъалъ. Дора ругездаса жеги захIматал шартIал руго магIарухъ, хасго хасало.

Бугеб ахIвал-хIал хисизабизе ккани, росабазул гIадамазе къваригIун буго чIобого яги учузго цIул, ток, газ, тIурччи ва цогидабги. Чара гьечIого хIажат буго кидаго лъарагIлъиялда ругел районалги, шагьаралги къачIалел рукIинчIого (кинабго рахъалъ), гьанжегIаги росабалъ гIумру гьабулел гIадамазе рукIине кколел шартIал чIезаризе.

Масала, президентасдаса байбихьун бецщулеб буго цифровое телевидение, гьел Дагъистаналъул гIемерисел шагьаразда ва районазда буго, ва амма ЛъаратIа районалъул росабалъ жеги хIалтIулеб гьечIо.

Гьел ва цогидал масъалаби тIуразарулел гьечIони, ЛъаратIа районги кидаго ва кинабго рахъалъ кватIулеб бугони, магIарулал гочине кколел руго, магIишат гьабизе бигьаяб гIодоблъиялде. БатIияб рес гьечIо.

**Сайпудин ШЕЙХОВ**

МВДялъ лъазабулеб буго

# БОСУЛЕБ БУГО ЯРАГЪ, ГЬИТIИНАБГИ КIУДИЯБГИ...



**Къануналде данде кколаредухъ гIадамазухъ бугеб ярагъ босиялъул кампания лъазабун букIана Дагъистаналъул нухмалъиялъ 10 июналда. Гьеб программаялда рекъон, Дагъистаналъул гIемерисел районазда унеб буго гьеб ярагъ босиялъул тадбир. Рехсараб программаялда республикаялда халат бахъизе буго 2017 соналде щвезеган ва гьеб мурадалда 4 миллионги 185 азарго гъуруш гIарац биччан рагIула Дагъистаналъул хIукуматалъ.**

Щибго дандечIей гьабичIого мисалалъе, Драгуновасул цIаралда бугеб снайперазул туманкI (СВД) нахъе кьуни гьелъухъ кьезе рагIула 20 азарго гъуруш гIарац. Автомоталъухъ яргъил бетIергьанасе щвезе рагIула 25 азарго гъуруш, таманча ва револьвер гIадаб ярагъалъухъ абуни 15 азарго гъуруш.

Нилъер районалда ругел гIадамазухъе изну гьечIого бугеб ярагъ гIарацги жидеего босун полициялде кьуни лъикI букIина. Нагагьлъун чIухьги бан хадуб гьеб ярагъ рокъоб тIатани кIудияб гIайиб ккола чиясда тIаде. Гьединлъидал, Дагъистаналъул МВДялъ лъазабулеб буго росабазда ва районазда ругел гIадамазухъе хутIараб ярагъ къуваталъул идарабазухъе кьейилан. Рокъоса кватIибе ккараб ярагъ щвезе бегьула рохьилазухъе, ялъуни яргъие гIоло гьез тIадекIанцIи гьабизе бегьула гIадамазда.

Жакъа Дагъистаналъул бокьараб шагьаралда дандчIвазе бегьула травматалъулаб абулеб тайпаялъул таманчаги тIад борчарал гIолохъаби. Гьеб ккола кьагьулеб гулла гуреб, черхалда щведал квешго унтулеб тайпаялъул ругьун лъун бажарулеб ярагъ. Тохтурзабаз кьураб къиматалда рекъон гьединаб таманачаялда кIола чиясда хвалилаб ругьун лъезеги, мисалалъе ботIролъ ва черхалъул загIипаб бакIалда гьеб щвани.

Хал гьабураб мехалъ гьеб тIад борчине изну кьураб къагъатги буго гьезухъ. ГIемерисез гьеб борчун, хIадурун букIуна ракIалдаго гьечIого дагIба-рагIи ккараб бакIалда чанго чи тIаделъидал гьездаса живго цIунизе мурадалда. Шайгурелъул жакъа чанго чияс тасдикъ гьабураб мисал буго, Дагъистаналда дагIба-рагIи ккараб бакIалда цебе гIадин зарацагун кверaца гуреб, кIиабизе кIалъазе регIилалде яргъил кумекалдалъун тIубалеб буго данде вугев чиясул къваригIел.

БАЙРАМ

# ЦIАМАГIУРИ – МУГIРУЛ ФЕСТИВАЛЬ

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

Гьединго чанго хинаб рагIи бицичIого течIо республикаялъул хIакимзабиги.»Дагъистаналда гIуцIана гIезегIан жодорго хIалтIи лъалеб ва хIалтIи бажарулеб команда-республикаялъул парламенталъул председатель Хизри ШихсагIидов, Дагъистаналъул хIукуматалъул председатель ГIабдусамад Мустафаевич ХIамидов, халкъияб собраниялъул председателасул тIоцевесев заместитель Юрий Андреевич Левицкий ва гь.ц.

Президентас хадубги тIаде жубана цIакъго бокьизе кколила жиндирго халкъги, ВатIанги, улкаги гьаб борхатаб магIардеги рахъун гьаниб гьадигIан берцинаб праздник гьабиялъухъ.

«Кинабго гьаб нилъеца гьабулеб хIалтIи буго Дагъистанги Россияги кидаго цебесеб кьерда рукIиналъе гIоло»-янги абун лъугIизе тана президентас хьуялда къабулеб халкъалъул хьатидалъун. Хадубги халкъиял ансамблаз тIаде рачIарал гьалбазе батIи-батIиял кьурдиялги кучIдул ахIиги гьарун лъугIизе тана исанасеб ирга-



ДИН ВА ГIУМРУ

## Къаси гIибадаталъе рахъиналъул хиралъи

**Нилъеда бихьулеб буго жакъасеб къоялъ мунагъаздаса цIунун чIей цIакъ захIматго букIин. Кинаб рахъалде ралагьаниги берал хIарамалде речIчIула, кинаб данделъиялде щваниги гъибат-бугьтан камун батуларо. Нилъеца щибха гьабилеб гьединаб хIалалда? Хирияв аварагас (с.т.гI.в.) абулеб буго: «Мунагьал гIемерлъараб мехалъ, тавбуги гьабун, мунагьал чурулеб гIамал гIемер гьабе», – ян. Бищунго гьел мунагьал чурулеб гIамалаздасан ккола, гIадамал кьижараб мехалъ сардилъ рахъун гIибадат гьаби.**

Щайгурелъул, гьеб буго макьуги тун, рияалдасаги цIунун, щайтIаннапсги къезабун, гIицIго Аллагьасе гIоло гьабулеб гIамал. Гьединго, гьеб буго Аллагьас гьарараб жоялъе жаваб гьабичIого толареб гIужги.

Жинда свалат-салам лъеяв аварагас хIадисалда абулеб буго: **«Нужеца сардилъ тIаде рахъиналда тIадчIей гьабе, нужеда цере рукIарал салафусалихIуназ, ай диналъул агьлулъун ругел лъикIал гIадамаз, тIадчIей гьабулеб букIараб гьезул гIадатги буго гьеб. Гьеб сардилъ тIаде рахъин нуж ТIадегIанав Аллагьасде гIагар гьарулеблъунги буго, нужер мунагь-хатIаъ чурулеблъунги буго, нуж мунагьалде ккеялдаса нахъчIвалеблъунги буго, нужер черхалдаса унтаби нахъе иналъе сабаблъунги буго»**, – ян.

ТIадегIанав Аллагьас Аварагасде ﷺ хитIаб гьабун абулеб буго: **«Къаси тIаде вахъин, как базе, гIибадат гьабизе, цIалараб жо ракIалда чIезе, рекIелъ хIузур цIуниялъе цIакъго асар гьабулеб буго, хIакълъунго, къад къоялъ я МухIаммад! Дур гIемерал шугъулаби, тIуразе кколел къваригIелал руго, гьединлъидал, мун къад гIибадаталде, Къуръан цIализе регIуларо, дуца гьелда тIадчIей гьабе къаси тIаде вахъун, дуца дурго БетIергьан Аллагьасул цIарги рехсе Къуръан цIалулеб мехалъ, ай Бисмиллагь бахъе»**, – ян.

Цогидаб аяталда буго: **«Мун ТIадегIанав Аллагь рехсеялда даимлъе, авараг, батIалъи гьечIо къад букIана, къаси букIа, ай даимго Аллагь рехсеялда тIадчIей гьабе кинаб къагIидаялъ бугониги, ай тасбихIалдалъун букIа, алхIамдулиллагь абиялдалъун букIа, как баялдалъун букIа, гIелму-Къуръан цIалиялдалъун букIа»**, – ян.

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратида хирияв аварагас ﷺ абуна: «Я Абугьурайра! Дуе бокьилищ дунялалдаги, ахираталдаги, хабалъги, мунгун цадахъ Аллагьасул рахIмат букIине?» – ян. Гьес жаваб гьабуна: «Бокьила, я Бичасул авараг», – ан. Цинги аварагас ﷺ абуна: **«Къаси тIаде вахъа ва Аллагьасе гIоло, гьесул разилъи тIалаб гьабун какал рай»**, – ян.

Хадубги Аварагас ﷺ абуна: «Я Абугьурайра! Дуца дурго рукъалъул бокIназда какал рай, гьеб рокъосан зобалазде щвезегIан цIвабзазул гIадаб, гвангъараб нур букIина», – абун.

Цогидаб хIадисалда абулеб буго: **«Аллагь гурхIаги сардилъ тIаде вахъун**

# ЖужахIалдаса цIунила, сиратIалдаса хъущтIиларо



**жинца как барав, хадуб йорчIизе гьаюн жиндирго хъизаналдаги как базе гьабурав чиясда»**, – ан.

Хирияв Аварагас ﷺ Абу-Зарр абурав асхIабасда абуна: «Я Абу-Зарр! Дица дуда бицинищ къиямасеб къоялъул халатаб сапаралда дуе пайда гьабулеб жо», – ян. Абу-Заррица абуна: «Бице, дир эбел-эмен дуе кьовудлъаяв авараг», – ан. Аварагас ﷺ абуна: **«БухIараб бакъги хIехьон кIал ккве тIаде рахъунеб къоялъ дуего кумек букIине, бецIаб сардилъ вахъун как бай, хабал бецIлъиялдаса хIинкъичIого вукIине, Аллагь кIодо гьавун хIежги гьабе, мискин-пакъирасе садакъаги кье, квешаб абаралдаса цIунун, хIакъаб жо бицуневлъунги вукIа»**, – ян.

Абугьурайратица бицараб хIадисалда абулеб буго: **«Паризаял каказда хадуб бищунго хирияб как, къаси тIаде вахъун балеб как буго»**, – абун. Абубакар абурав кIудияв гIарифуназул цояс бицана: «Нижеца гIумруялъ тIалаб гьабуна ункъо жо, нижеда гьеб батана ункъо жоялъулъ. Нижеца тIалаб гьабуна ТIадегIанав Аллагь разилъи, нижеда гьеб батана Аллагьасе мутIигIлъиялъулъ; нижеца тIалаб гьабуна магIишаталъулъ гIатIилъи, нижеда гьеб батана зухIаялъул как баялъулъ; нижеца тIалаб гьабуна дин сах-саламатго, бацIцIадго цIуни, нижеда гьеб батана кIал-мацI цIуниялъулъ, нижеца тIалаб гьабуна хабалъ нур батиялъе сабаб, нижеда гьеб батана ардилъ тIаде рахъун ралел каказулъ», – ан.

РабигIат ал-ГIадавият абурай Аллагьасул кIудияй валиялъ, щибаб сордоялъ какиеги чурун, жиндирго росасда абулаан: «Дуе хIажатаб жо бугищ?» – ан. ГьечIин гьес абуни, гьей рогьинегIан гIибадаталда чIолаан. Сардил авалалда, ай как базе лъугьиналде, гьелъ абулаан: «Я дир БетIергьан Аллагь! ГIадамалги кьижана, зодор цIвабиги тIерхьана, дунялалъул ханзабаз жидерго рагьабиги къана, ай жанире руссана. Дур тавбуялъул гъафу къалареб буго БетIергьан, Дуца дир мунагьал чуре», – ян. Цинги как балеб бакIалда хIатIалги чIун абулаан: «Я БетIергьан Аллагь! Гьаб хIалалда дун Дуда цее чIезе йиго рогьинегIан, дун чIаго йигебгIан мехалъ», – абун.

Абу-Жувайратица бицана: «Дица имам Абу-ХIанифалгун гьудуллъи гьабуна анлъго моцIалъ, гьениб цониги сордо букIинчIо гьес жиндирго хьибил ракьалда лъураб», – ян. Ибрагьим бин Адгьам абурав Аллагьасул кIудияв вали, цо сордоялъ Масжидул Акъсаялъув кьижун вуго, цинги гьесда рагIун буго Аллагьасул рахъалдасан бачIунеб гьатифалъул гьаракь: «Сардилъ гIибадаталъе тIаде вахъиналъ жужахIалъул цIаялъул бухIи свинабула, сиратIалъул кьодасан унеб мехалъ хIатIалги хъущтIизе толаро. Мун сардилъ тIаде вахъине кIвахIаллъуге», – ян. Гьелдаса хадуб хвезегIан Ибрагьимица сардилъ тIаде вахъин тун гьечIо.

Салат Бин Ашим абурав салихIуназул цояс боголил как бараллдаса хъахIлъи базегIан какилъги вахъун чIун, какдаса ватIалъидал абулаан: «Я дир Аллагь! Дуца дун жужахIалдаса цIуне, дун гIадав чиясе алжан гьари рекъараб гьечIо», – ян.

## Сардилъ тIаде рахъине бигьалъиялъе сабабал

**1) Къад къоялъ кваналеб квенги, гьекъолеб лъимги дагь гьаби.**

Инсанасул кванирукъ бакIго бугебгIан мехалъ гьесда тIаде макьу цIала ва тIаде вахъине захIмалъула. Цере рукIарал табигIуназ абулаан: «Ле гIадамал! Нуж гIемер кванаге, гIемераб лъимги гьекъоге, гьелъ нужеде тIаде макьу цIала ва рухI бахъиялда аскIоб пашманаллъунги гьарула», – ян. Жинда Аллагь разилъаяв Суфяну Савріяс абуна: «Нужеца квен дагь гьабиялда тIадчIей гьабе, сардилъ тIаде рахъиналда нужер кверщел батила», – ян.

**2) Къоялъ мунагьаздаса рикIкIалъи.**

Мунагьаз ракIалде къасават лъугьинабула, Аллагьасул рахIматалдаги лагъасдаги гьоркьоб пардавлъунги букIуна. Цо пуланав чияс жинда Аллагь разилъаяв ХIасанида абуна: «Дун унти-къварилъи гьечIого какие чуриялда кьижула ва кидаго къаси тIаде вахъине бокьунги букIуна, кинниги дир гьелда хIалкIоларо, гьелъие бугеб сабаб щиб?» – ан. Цинги ХIасаница абуна: «Гьелъие сабаб, дуца къоялъ гьарурал мунагьал руго, гьел мунагьаз мун вухьарав чи гIадин чIезавула», – абун. Адгьамил вас Ибрагьимида цо пуланав чияс гьикъана: «Дида сардилъ тIаде вахъине кIолеб гьечIо, гьелъие гьабизе дару бице», – ян. Ибрагьимица гьесие гьадинаб жаваб гьабуна: «Мун къад ТIадегIанав Аллагьасе гIасилъуге, ай мунагьал гьаруге, Аллагьас мун къаси жиндаго цеве чIезавила. Сардилъ тIаде вахъун ТIадегIанав Аллагьасда цеве чIей бищунго хирияб, тIадегIанаб жо ккола. Къоялъ БетIергьанасе гIасилъарав чи, гьеб тIадегIанаб хиралъиялъе мустахIикъав вукIунаро», – ян.

**3) Къаде какалда цебе къай-лулат гьабун кьижи.**

Гьеб суннатаб буго, гьелдалъун къаси тIаде вахъине кумек букIиналдалъун. Ибну ГIабасидасан бицараб хIадисалда абулеб буго: «Къаде кьижиялдалъун къаси тIаде вахъине кумек букIуна», – ян.

**4) Дунялалде хьулал къокъ гьарун, ахира-талъул захIмалъабазул ва жужахIалъул бухIиялъул пикру гьаби.**

Сугьайб абун цIар бугев гIабид вукIун вуго Басраялдаса, цо чIужугIаданалъул лагъ. Гьев тIубараб сордоялъ гIибадаталда вукIун кьижулев вукIун гьечIо. Цо къоялъ гьесда жиндирго хважаиналъ абун буго: «Даимго сардал рорчIиялдалъун, къад дие гьабулеб хидматалъе зарал кколеб буго», – ян. Сугьайбица жаваб гьабун буго: «Дица щибха гьабилеб, жужахI ракIалде щведал дир макьу тIурула», – ян.

**5) Бусурбабаздехун хIасад гьабиялдаса ракIбацIцIад гьаби, гьединго, бидгIаялдаса, къваригIел гьечIел харбаздаса рикIкIалъи.**

Кидаго дунялалъул ургъалида, диналъул вацаздехун хIасадалда вугев чиясе къаси тIаде вахъине захIмалъула. ТIаде вахъаниги гьесда Аллагь ракIалде щоларо дунялалъул пикрабазда вукIиналъ. Гьединав чиясда абула: «Якъзаталдаги кьижарав», – абун.

6) Къад къоялъ къаси тIаде вахъине кIолареб хIалалъ хIалтIун черх сваказе гьабунгутIи.

ЗахIматаб хIалтIи гьабиларо, гьелъ тIаде макьу цIала ва къаси вахъине захIмалъула. Аллагьас киназего гIибадат гьуин гьабеги ва чIахIиял вализабазул баракат камун тогеги. Амин.

❖ коротко * * * цифры * * * коротко * * * цифры

### ❖ 0,1—0,3%.

**Пачалихъияб Думаялъ къабул гьабураб законалда рекъон, районазегун шагьаразе ихтияр кьун буго хасал гIадамазул буголъиялда тIад лъолеб налог цIикIкIинабизе 0,I процենталдаса 0,3 проценталде щвезегIан.**

ЦIиял хиса-басиял гьарулел руго Налоговияб кодексалда. Республикаялъ налог цIикIкIинабеян тIад лъураб масъалаги хIисабалде босун, цIияб законалдаса пайда босизе бегьула гIемерисел районаз ва шагьараз.

### ❖ 196 млрд гъурущ.

Дагьалъ цебе букIараб "Сочи-20I4" абураб инв**естиционнияб форумалда Дагъистаналъ бихьизабун буго I96 млрд гъуруш багьаялъул 48 проект.**




Республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул рагIабазда рекъон, аслияб къагIидаялъ гьел руго промышленносталда, туризмалда ва бакIал раялда хурхарал проектал.

НОВОСТИ СПОРТА

# Боксалъул чемпионка

**Нилъер районалдаса боксер Земфира МухІамадгІалиевалъ ракІчІараб бергьенлъи босана дагьалъ цебе Турциялъул Стамбулалда тІобитІараб халкъазда гьоркьосеб боксалъул турниралда.**



Гьединаб баян кьуна Земфирал тренер Сухраб Манаповас.

Рехсараб турниралда гІахьаллъи гьабуна 20 пачалихъалдаса 200 спортсменкаялъ. 8І кг цІайиялда цее яхъуней йикІарай нилъер районцоялъ ракІчІараб бергьенлъи босана. Финалалда Земфираца бергьенлъи босана къецазул хважаин Турциялдаса Элис Гунери абурай спортсменкаялда тІад. Бергьенлъи гьелъ сайгъат гьабуна Дагъистаналъул бетІер Рамазан ГІабдулатІиповасе.

Зухраб Манаповасул рагІабазда рекъон, Станбулалда тІобитІараб турнир Земфирае букІана кватІичІого букІине кколеб дунялалъул чемпионаталде хІадурлъилъун. Гьеб тІобитІизе буго І3-26 ноябралда Кореялда. Земфира ккола жиндирго цІайиялда Россиялъул тІасабищараб командаялъул лидер ва дунялалъул чемпионаталда гьел гІахьаллъи гьабиялда щаклъи гьечІо.

Гьелде щвезегІан цоги турнир букІине буго 4 октябралда Челябинск шагьаралда. Гьарула ракьцоялъе талихІ, тавпикъ ва кидаго бергьенлъаби.

# Дзюдоялъул бергьенлъаби

**Россиялъул Челябинск шагьаралда августалда тІобитІана дзюдоялъул рахъалъ дунялалъул чемпионат. Гьениб гІахьаллъи гьабуна нилъер ракьцоял Сиражудин МухІамадовас ва МухІамадов МухІамадица 90кг цІайиялда.**




Сиражудин МухІамадов нилъер киназдаго лъала, амма абичІого гІеларо МухІамадов МухІамадил хІакъалъулъ. Россиягун Япония ккана финалалда командияб данделъиялда, щуго чи щугоязда данд чІвазе кколаан. Байбихьуда Россия бергьунеб букІана 2-0 хІисабалда, амма къуна хадусел дандчІваязда 2-3 хІисабалда. Япониялъе щвана меседил медалал. Балагьарабго цІакъ ракІ унтулеб дандчІвай ккана нилъер ракьцояв МухІамадил, бергьунаго кьуна. МагІаруласда сихІирлъи лъачІо живго бергьунеб мехалъ хутІараб заманалъул хІисаб гьабизе. КъечІого цоники гугарухъан бергьун гьечІо, амма анищ буго ракьцоязул гьеб ва Сиражудин олимпиялъул командаялда гьорлъ




кІиго соналдаса Бразилиялда рихьи.

Дунялалалъул чемпионаталда къун чІечІо Сиражудин МухІамадов, гьес хадубгІунтІун бергьенлъи босана Хорватиялъул Загреб шагьаралда тІобитІараб Гран-при халкъалзда гьоркьосеб дзюдоялъул турниралда. 46 батІияб пачалихъалдаса гьениб гІахьаллъи гьабуна 300 спортсменас. Финалияб гугариялъулъ Сиражудиница къезавуна Панамерикаялъул хІаязул кІицІул чемпион СШАялдаса Тревис Стивенс. Мазгарул меседаль щвана цоги дагъистанияв Мурат Хабачировасе. **ЧАКЪАЛОВ**

# Россиялъул чемпионаталда лъабабилев призер

**Августалда Ростовалда тІобитІана боксалъул рахъалъ Россиялъул чемпионат. Гьениб гІахьаллъи гьабуна нилъер районалъул Мазада росулъа Садам МухІамадовас.**

Гьев рингалда вахъана 9Ікг цІайиялда. ХІалуцарал къецазда ункъо бергьенлъиги босун Садам щвана бащдаб финалалде. Лъабабилеб бакІалъухъ къеркьолаго гьесда данде чІвана Европаялъул ва Россиялъул чемпионал. Кин бугониги Садамие лъабабилеб бакІ щвана.

ТІоцеве гьединаб кІудияб турниралда гІахьаллъи гьабун лъабабилеб бакІ щвей гІураб жо буго. Биччанте гьеб лъабабилеб бакІ хадусел рукІинисел бергьенлъабазул цебехъанлъун букІине.

Гьарула Садамие щулияб сахлъи ва чІахІи-чІахІиял бергьенлъаби.

Гьесие жеги 23 сон тІубан гьечІо, жеги кІудиял бергьенлъабаз Садамица нилъ роххизаризе хъван батайги.

**ЧАКЪАЛОВ**

## Прокуратура Тляратинского района РД провела проверку соблюдения требований трудового законодательства в ОАО «Тляратинское ДЭП»

В ходе проверки установлено, что в данном учреждении допускаются случаи несвоевременной выплаты заработной платы. В результате образовалась задолженность по оплате труда перед 64 работниками в сумме І,5 миллиона рублей.

По результатам проверки в отношении главного бухгалтера предприятия возбуждено производство об административном правонарушении, предусмотренном ст. І3.І9 КоАП РФ (нарушение порядка представления статистической информации), которое направлено в Территориальный орган Федеральной службы государственной статистики по РД для рассмотрения по существу.

Постановлением руководителя Территориального органа Федеральной службы государственной статистики по РД главный бухгалтер ОАО «Тляратинское ДЭП» признан виновным в совершении административного правонарушения, предусмотренного ст. І3.І9 КоАП РФ и ему назначено наказание в виде административного штрафа в размере 3000 (три тысячи) рублей.

В целях устранения допущенных нарушений прокуратурой района в адрес руководителя ОАО «Тляратинское ДЭП» внесено представление об устранении нарушений трудового законодательства.

**Прокурор района старший советник юстиции**
**С.Г. АХМЕДОВ**

БАЯН

## Соцгострахалъ баян кьолеб буго

Лъималазул тІалаб гьабиялъул заман цІикІинабиялъул законопроект Дагъистаналда хІалтІулеб гьечІо. Гьеб законалда рекъон лъималазул тІалаб гьабиялъул заман (уход) лъабго сон чІезе гьабун буго, амма гьабсагІаталда закон Дагъистаналда жеги къабул гьабун гьечІо. Щибаб моцІалъ лъимералъухъ кьолеб буго щуазаралда нусго гъуруш, гьеб гІарац щола лъагІелгун бащдаб заманалда жаниб. Заман цІикІиналъул законопроект хІалтІизе байбихьарабго жеги баян кьела.

**ДагъсоцгострахалъулхІалтІухъан**
**ГІАЛИЕВ ИмамухІамад**

Подписка - 2014

**ХІУРМАТИЯЛ РАЙОНЦОЯЛ!**

Унеб буго "ЛъаратІа" газеталъул подписка! Киналго районалъул цІиял харбал лъазе бокьарал, ругел загьир гьаризе бокьарал, лъикІал ишазул бицине ва тохал рахъал цере лъезе хІадурал, нилъер гІагараб районалъул араб тарихалъулги, гьанжесеб къоялъулгун ва букІиниселъул пикру гьабулев цІалдолев почтаялдеги ун газета хъвазе бегьула.

Подпискаялъул хІакъалъул бугониги, ялъуни цоги суал бугони рачІине бегьула хадусеб **адресалда:**

**ЛъаратІа росу, Спорталъулгун культураялъул кІалгІа, кІиабилеб тІала.**

тел: **8 963-798-56-92**

**НИЛЪЕР РОСАБИ**




Редактор: Расул Абакаров
Газета гІуцІарал:
ЛъаратІа районалъул администрация ва редакциялъул хІалтІухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цІуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0І06

Материалалда рихьизарурал хІужаби ритІарал рукІиналъул жавабчилъи тІаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечІого рукІинеги бегьула.

Адрес редакции:
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
Тираж 800 экз. Индекс: 5І372.

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Заказ № _______
Подписано в печать І4.09.20І4